

Konsèy Jistis Anviwònmantal

Reyinyon #27

Jedi, 13 Out, 2026, 6:30 pm

Lokal an Pèsòn : Stockbridge MA

First Congregational Church

4 Main Street, Stockbridge, MA 01262



Lojistik ak Ajanda yo

Konsèy Jistis Anviwonman an

Reyinyon #27 • 13 Out, 2026 • 6:30 pm



LOJISTIK YO

- Nou ofri sèvis entèpretasyon nan lang sa yo: Español, Kreyòl Ayisyen, 普通话, Português, Tiếng Việt, ak Lang an Siy Ameriken (ASL)
 - To participate in English, click the “Interpretation” icon and select English.
 - Para entrar no canal em português, clique no ícone “Interpretation” e selecione “Portuguese”
 - Si alguien desea interpretación en español, haga clic en “Interpretation” y seleccione “Spanish”
 - Pa partisipa na Kriolu, klika na íkone "Intirpretason" y silisiona "Cape Verdean Creole"
 - Pou rantr nan chanèl kreyòl ayisyen an, klike sou ikòn “Interpretation” an epi chwazi “Haitian Creole”
 - 要以普通话参加会议，请单击口语图标并选择 “Chinese”.
 - Để vào kênh bằng tiếng Việt, hãy nhấp vào biểu tượng “Interpretation” và chọn “Vietnamese”.

- Tanpri pale dousman.
- Tout patisipan yo dwe seleksyone yon lang nan chanèl la, menm si w ap gade prezantasyon an nan lang Anglè.



- Si w ta renmen yon vèsyon nan tradiksyon paj sa yo, tanpri ale sou sit wèb EJC a nan : <https://www.mass.gov/service-details/environmental-justice-council-ejc-meetings>

REYINYON SA A ANREJISTRE



Ajanda

- | |
|---|
| ▪ Revizyon jeneral sou reyinyon, lojistik ak ajanda |
| ▪ Apèl pou prezans ak Apwobasyon minit dènnye Reyinyon EJC |
| ▪ Kòmantè Piblik |
| ▪ Sant Done yo |
| ▪ Kòmantè Piblik la (si gen lè toujou) |
| ▪ Pwochen Etap yo |
| ▪ Nou Fini/Ranvwaye |



Apwobasyon Minit Reyinyon 11 Jwen, 2026, Minit Reyinyon yo & Apèl pou Prezans : Manm Konsèy EJ yo

- Madeline Fraser Cook
- Melissa Harding-Ferretti
- Cheryll Holley
- Caroline Hon
- Lydia Lowe
- Marcos Luna
- Peter Maathey
- María Belén Power
- Sofia Owen
- Jen Salinetti
- Patricia Spence
- Miles Gresham
- Harleen Marwah
- Paula Garcia

Kòmantè Piblik yo ak Kesyon yo

Tanpri limite chak kòmantè a de (2) minit pou bay lòt moun tan pou yo pale

Sant Done yo



Commonwealth of Massachusetts

Executive Offices of Economic Development
& Energy and Environmental Affairs

Estrikti Sant Done pou Massachusetts

Out 2026



Apèsi sou Estrikti a

- Sant done yo ka ranfòse **ekonomi inovasyon Commonwealth** la ak konpetivite li lè yo sipòte endistri tankou **biyoteknoloji, finans, defans, ak enfòmatrik avanse**.
- Eksperyans atravè peyi a demontre ke **devlopman sant done ki pa kontwole ka enpoze depans sou peye-tarif yo ak enpak sou kominote a**, sa ki enkli ladan:
 - Ogmantasyon pri enèji ak sistèm ki gen restriksyon
 - Enfrastrikti elektrisite ak dlo ki anba gwo presyon
 - Enpak sou kalite lè moun respire ak enpak sou sante piblik la
 - Konfli ant bri ak itilizasyon tè
- Estrikti ki te pibliye 25 Jwen an etabli **atant klè pou devlopman responsab sant done**.
- Pwojè k ap chèche sibvansyon fiskal leta dwe demontre y ap:
 - Finanse enfrastrikti yo bezwen an,
 - Pote pwòp enèji pwòp yo,
 - Pwoteje resous anviwònmantral ak kominotè, epi,
 - Bay benefis piblik ki ka mezire .
- Estrikti a **gide ajans leta, minisipalite, ak moun k ap fè règleman yo** tou pandan li konplete egzijans pèmi ak regilasyon ki egziste deja.

Massachusetts ak Gouvènans Sant Done

6.25.2026 Healey-Deklarasyon sou Atant pou Sant Done ki Responsab yo

Gouvènè Healey sispann aksepte nouvo aplikasyon pou egzansyon taks sou lavant jiskaske gen pi gwo pwoteksyon anplas pou asire pwojè yo pa ogmante depans ak chay enèji, oswa fè kominote yo ak anviwònman an mal.



Massachusetts ap etabli youn nan estrikti ki pi konplè nan peyi a pou devlopman ak operasyon sant done.



Pwojè yo dwe demontre yo kapab sipòte inovasyon ak konpetitivite ekonomik san ogmante depans pou peye-tarif yo, san mete presyon sou enfrastrikti piblik la, oswa san fè domaj kominote yo oswa anviwònman an.



Sibvansyon piblik yo ap rezève pou pwojè ki satisfè atant sa yo epi ki bay benefis piblik klè.

Prensip Estrikti Sant Done

1. Pa gen okenn transfè depans sou envestisman enèji, rezo, dlo, oswa enfrastrikti sou konsomatè yo oswa kontribyab yo.
2. Founiti enèji pwòp satisfè demann lan.
3. Kenbe fyabilite rezo a san ogmante konjesyon oswa depans enfrastrikti ki abandone.
4. Pwoteje kominote yo kont enpak anviwònmantal, sante, ak enfrastrikti.
5. Itilize dlo a yon fason responsab san konpwomèt rezèv oswa kalite lokal la.
6. Fè travay kalite, envestisman lokal, ak konpetitivite ekonomik.
7. Fonksyone avèk transparans.

June 25, 2026

HEALEY-DRISCOLL ADMINISTRATION STATEMENT OF EXPECTATIONS FOR RESPONSIBLE DATA CENTER DEVELOPMENT AND OPERATIONS IN MASSACHUSETTS

*Guidance for data centers seeking sales and use tax exemptions and expectations for
broader data center development*

OVERVIEW

Data centers present significant economic development opportunities for Massachusetts, including the creation of construction jobs, increased local property tax revenue, and investments in supporting infrastructure. They can also strengthen the Commonwealth's innovation economy by improving digital infrastructure and reducing latency for industries such as biotechnology, finance, defense, and advanced computing. In addition, New England's climate can provide natural efficiency advantages for these energy-intensive facilities.

At the same time, experience from across the country demonstrates that large-scale data center development can create challenges if not carefully planned and managed. Data centers require substantial investments in electric grid infrastructure and power generation resources, which can affect energy affordability and reliability for all energy consumers. Their development also raises climate, environmental, public health, and community concerns, including potential impacts on air quality, water resources, noise levels, and local land use.

Governor Healey's framework establishes principles and expectations for responsible data center development in Massachusetts that balances economic growth and innovation with protections for Massachusetts residents, businesses, and communities.

The framework is intended to provide clarity for data center developers considering projects in Massachusetts on responsible practices, and explicit expectations for those seeking the sales and use tax exemption under Massachusetts law (M.G.L. c. 64H, § 6(zz)). The framework will also be used to guide: (1) executive agencies and municipalities evaluating data center proposals; (2) discussions of executive agencies with the Legislature, municipalities, and others on data center policy; and (3) actions by the Department of Public Utilities (DPU) within its existing authority, including implementation of Executive Order 654.

This framework also supplements, and does not replace, existing state and local siting, permitting, and regulatory requirements. These include, among others: Energy Facilities Siting Board requirements for onsite generation facilities exceeding 25 MW (M.G.L. c.

Atant	Detay sou Egzijans yo
1. Pwovizyon pou Enèji ("Pote Enèji Pwòp Pa w ")	- Bay oswa jwenn dirèkteman ase enèji pwòp pou satisfè demann etablisman an, bay priyorite a enèji pwòp sou plas kote sa posib. - Akselere devlopman nouvo enèji pwòp olye pou fè konpetisyon pou resous ki deja egziste yo. - Pwoteje kontribyab yo kont depans ki asosye ak nouvo kwasans chay.
2. Efikasite Enèji, Fleksibilite Rezo, & Optimizasyon Sistèm	- Aplike estanda efikasite ki pi wo nan endistri a. - Patisipe nan pwogram repons a demann ak fleksibilite chay. - Mete an plas sistèm solè, sistèm depo enèji, ak zouti avanse pou jere enèji; sipòte mikwo-rezo elektrik, rezo jeotèmèl, ak izin elektrik vityèl lè sa posib.
3. Kalite Lè & Sante Piblik	- Minimize emisyon nan lè a ak bri. - Diminye depandans sou dèlko sekou ki mache ak dyezèl lè sa posib. - Bay yon atansyon espesyal pou diminye enpak sou kominote ki konsène pa kesyon jistis anviwònmantal.
4. Itilizasyon Dlo & Pwoteksyon Enfrastrikti	- Montre ke gen yon rezèv dlo dirab, epi finanse amelyorasyon ki nesesè nan enfrastrikti dlo ak dlo egou. - Maksimize efikasite nan itilizasyon dlo ak re-itilizasyon dlo. - Pwoteje kalite dlo a nan respekte nòm ak egzijans Massachusetts yo.
5. Pratik Travay Responsab & Kreyasyon Travay	- Kreye travay konstriksyon ak travay pèmanan ki gen bon kalite, lè w sèvi ak akò travay pwojè oswa akò lapè nan travay. - Sipòte anbochaj lokal, fòmasyon, ak aprantisaj anrejistre. - Bay kondisyon travay ki an sekirite ak salè konpetitif.
6. Benefis & Angajman anvè Kominote a	- Angaje kominote yo byen bonè epi pandan tout devlopman an, pou vize bay benefis byen mèb ki depase limit rediksyon domaj yo. - Devlope Plan ak Akò pou Benefis Kominotè ki aliyen ak sa yo ki etabli pa Biwo Jistis ak Ekite Anviwònman an. - Evite ogmante chay sou kominote defavorize yo epi sèvi ak MassEnviroScreen pou evalye pwojè yo ak enpak kimilatif potansyèl yo.
7. Devlopman Ekonomik Lokal & Inovasyon	- Kreye valè ekonomik dirab ki depase faz konstriksyon an. - Ranfòse ekonomi inovasyon Massachusetts la. - Bay founisè Massachusetts yo priyorite. - Pran an konsiderasyon itilizasyon tè ki an konkirans epi minimize pri opòtinite yo.
8. Transparans Pwojè	Fè piblik enfòmasyon sou gwosè pwojè a, plan ekspansyon, konsomasyon enèji ak dlo, emisyon, materyèl danjere, anplwa,

Enplimantasyon ak pwochen etap yo

- Yo espere ke ajans leta ak ajans regilatè yo pral detèmine fason yo ka aplike estrikti sa a nan limit otorite ki egziste deja yo.
- Chèche elaji otorite lejislatif yo pou pèmèt kondisyone egzansyon taks sou vant ak itilizasyon.
- Devlope yon dokiman gid pou ede minisipalite yo evalye ak kontwole sant done pwopoze yo.





Executive Office of Energy and Environmental Affairs

Kesyon?

Kòmantè Piblik yo ak Kesyon yo

Tanpri limite chak kòmantè a de (2) minit pou bay lòt moun tan pou yo pale



WHAT'S
NEXT?

Pwochen Etap yo & Nou Fini/Ranvwaye

Dat Pwochen Reyinyon an:

- 8 Oktòb

Enfòmasyon sou EJC ak reyinyon yo disponib sou paj sa

<https://www.mass.gov/orgs/environmental-justice-council-ejc>

Demann entèpretasyon pou Lang an Siy Ameriken (ASL) dwe fèt twa semèn anvan dat reyinyon an nan imèl sa a: meetings@erg.com